



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRIKSYON KI ANKOU NAN DEVLOPMAN
LOJMAN SIPÒ AK NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 39 MILYON DOLA NAN KAD
INISYATIV VITAL BROOKLYN 1.4 MILYA DOLA**

***The Hart pral kreye yon pwèn ankraj kominotè dirab ki oryante sou byennèt avèk
57 nouvo kay abòdab, pwogram pasyan ekstèn pou sante mantal ak sant swen
prensipal nan Bedford-Stuyvesant***

***Devlopman an pral ofri sèvis sosyal sou plas pou tout rezidan yo avèk sipò
sipleman tè pou 38 granmoun aje ak fanmi ki sanzabri***

Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon nan devlopman yon lojman sipò ak nan pri abòdab ki koute 39 milyon dola nan kad Inisyativ Vital Brooklyn 1.4 milya dola a. Sitiye nan Bedford Stuyvesant, The Hart pral gen ladan 57 apatman dirab ak nan pri abòdab yon fason pèmanan avèk 38 lojman sipò pou granmoun aje ak fanmi ki souvan sanzabri yo. Anplis de sa, The Hart pral gen ladan yon pwogram pasyan ekstèn pou Sante Mantal (Mental Health Outpatient Program) ak yon nouvo sant swen prensipal ke One Brooklyn Health System ap jere.

"Tout Nouyòkè merite aksè ak lojman san danje, abòdab ki satisfè bezwen yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè transfòmasyon nan The Hart la konbine lojman nan pri abòdab dirab avèk sèvis sipò ak byennèt ki ede Nouyòkè yo atenn estabilite ak siksè. Pandan n ap kontinye rekiperasyon ekonomik nou an, nou dwe asire chak kominote gen aksè a sipò ak sèvis yo bezwen pou yo pwospere".

Inisyativ Vital Brooklyn ki evalye a 1.4 milya dola vize ak investi nan uit zòn entegre, soti nan swen sante pou rive nan lojman, etabli yon nouvo estanda pou adrese diferans ekonomik ak rasyal kwonik nan kominote ki gen anpil bezwen nan Brooklyn yo. Inisyativ Vital Brooklyn nan pral kreye 4,000 lojman nan pri abòdab nan katye Brooklyn Santral yo. Gouvènè Hochul ap bati sou efò ki pote siksè sa a ak yon pwopozisyon pou yon nouvo Plan Lojman, sou senkan k ap koute 25 milya dola pou kreye ak prezève 100,000 kay anplis toupatou nan New York ki gen ladan 10,000 kay ak sèvis sipò.

Devlope pa CAMBA Housing Ventures, bilding nèf etaj la pral sitiye nan 1038 Broadway nan katye Bedford-Stuyvesant Brooklyn nan. Sit la te gen ladan anvan sa pwogram pasyan ekstèn pou sante mantal Sant Medikal Interfaith la, ki pral retounen nan premye etaj nouvo bilding lan ansanm ak yon sant swen prensipal ki nan menm etaj la. Ansanm, bilding lan pral bay apeprè 5,000 pye kare etablisman swen sante pou rezidan yo ak kominote a. One Brooklyn Health pral jere sant sante mantal ak swen prensipal yo, ki pral sèvi kòm youn nan 32 Sant Swen Anbilatwa Vital Brooklyn.

57 apatman The Hart yo gen ladan senkant estidyo (yon pyès), de apatman yon chanmakouche, kat apatman de chanmakouche ak yon apatman pou yon sipè-entandan rete. Trannkat apatman pral rezève pou granmoun aje ki souvan sanzabri ak kat apatman rezève pou fanmi ki souvan sanzabri ki gen omwen yon manm ki gen maladi mantal grav. Rès apatman yo pral disponib pou fanmi ki gen revni fèb ak mwayen yo.

Konsevwa pa Marvel Architects, The Hart pral pouswiv sètifikasyon LEED ak sètifikasyon Energy Star pou Pwogram Plizyè Fanmi pou Nouvo Konstriksyon. Bilding lan pral gen ladan opsyon pou enèji solè pou yon rezo fotovòltayik nan lide pou redui depans operasyonèl yo, redui enpak The Hart sou resous natirèl yo epi founi yon bilding ki pi an sante pou rezidan ak katye yo.

Bilding lan ap devlope pa CAMBA Housing Ventures Inc. (CHV), yon afilye CAMBA, Inc., founisè sèvis sipò a. Sèvis sosyal sou plas yo pral disponib pou tout rezidan yo nan yon Swit Biwo Sèvis Sosyal CAMBA epi gen ladan jesyon dosye ki konsantre sou sipòte sante fizik ak mantal, konsèy sou itilizasyon sibstans, edikasyon sou otonomi ekonomik, pwogram devlopman pou jèn, konsèy ak sipò pou fanmi, sèvis nitrisyon ak fòmasyon sou konpetans pou viv endepandan.

Lokatè yo nan The Hart pral pwofite yon teras pou kondisyonman fizik ak jadinaj ki gen opsyon pou jadinaj kominotè, chèz ak aktivite pou kondisyonman fizik ak byennèt. Enstalasyon yo pral gen ladan sekirite biwo 24/7, atizay ak eskilti lokal, yon sal kominotè, yon sal enfòmasyon, sal lesiv ak depo pou bisiklèt. Lè devlopman an fini, yon Anèks Etablisman Kominotè nan yon devlopman lojman nan pri abòdab ak sipò CHV ki toupre a pral gen ladan yon Sant Devlopman Ekonomik ak Fòmasyon Mendèv ke CAMBA founi.

Finansman pou The Hart la gen ladan Kredi Enpo Federal ak Eta pou Moun ki gen Revni ki Fèb ki ta dwe jenere 21.8 milyon dola nan fon pwòp ak 6.1 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la te bay 7.9 milyon dola atravè Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri a (Homeless Housing Assistance Program, HHAP) epi Depatman Sante Eta New York la ap bay sibvansyon lwaye ak sèvi pou 38 inite sipò atravè Inisyativ Lojman Empire State la. Federal Home Loan Bank ap bay 1.8 milyon dola kòm sipò.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, "The Hart se yon devlopman eksitan epi ki gen yon non apwopriye ki enkòpore eleman konsepsyon dirab ak yon apwòch global pou ede 57 fanmi atenn estabilite lojman ak otonomi ekonomik. Anplis de sa, devlopman an pral pote sèvis sante mantal ak swen prensipal endispansab nan katye Bedford Stuyvesant. Nou fyè pou nou fè patenarya avèk CAMBA Housing Ventures nan pwojè 39 milyon dola sa ki fè pati inisyativ Vital Brooklyn inovatè Eta a epi nou rekonesan pou sipò Gouvènè Hochul, ajans sè nou yo ak One Brooklyn Health System la. Kominote Brooklyn Santral yo merite envestisman entelijan, reflechi ak transfòmasyon tankou The Hart".

Komisè pa Enterim Biwo Asistans Tanporè ak Andikape, Daniel W. Tietz, te deklare, "Kreye nouvo lojman sipò se yon eleman santral nan efò nou pou redui sitiyoasyon sanzabri nan Eta New York. Nan kad inisyativ Vital Brooklyn eta a, The Hart pral bay Nouyòkè ki sanzabri yo sèvis yo bezwen pou asire estabilite lojman alontèm yo. Mwen bat bravo pou angajman kontinyèl Gouvènè Hochul ak envestisman nan lojman san danje ak nan pri abòdab pou tout moun nan eta nou an, sa gen ladan kèk nan sila yo ki pi vilnerab pami nou."

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Mary Bassett, te deklare, "Pandan pandemi COVID-19 la te mete plis aksan sou inegalite yo pami Nouyòkè defavorize yo, atravè inisyativ vital Brooklyn nan, n ap pi byen adrese bezwen sa yo pandan n ap transfòme espas ansyen pwogram pasyan ekstèn pou sante mantal nan Sant Medikal Interfaith ki pa itilize konplètman an pou tounen yon lojman nan pri abòdab ak pwogram pou pi byen sèvi granmoun aje ak fanmi ki souvan sanzabri yo".

LaRay Brown, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral One Brooklyn Health System, te deklare, "Inisyativ Vital Brooklyn nan rekonèt entèdepandans enpòtan ant sante ak lojman. One Brooklyn Health kontan dèske li fè patenarya avèk CAMBA Housing Ventures ak Eta New York sou devlopman 57 apatman sa yo ki nesèsè anpil. Nou pa ka tann pou nou founi sèvis swen prensipal ak mantal bay lokatè The Hart yo ki chwazi itilize sèvis nou epi reprann livrezon sèvis yo bay rezidan Brooklyn Santral yo nan espas pasyan ekstèn ki fèk konstwi a".

Joanne M. Oplustil, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral CAMBA/CHV, te deklare, "Gras ak vizyon inisyativ Vital Brooklyn nan ak travay dilijan patnè finansman nou yo, The Hart pral ofri yon anviwònman inovatè, dirab ak sipò kote rezidan yo ak kominote a kapab pwospere. Konbinezon karakteristik CHV lojman bon kalite ki asosye avèk sèvis sosyal sou plas CAMBA yo pral gen yon enpak ki pi transfòmasyon avèk kolasyon etablisman medikal One Brooklyn Health yo. Nou kontan pou nou ofri yon lòt devlopman kote lojman ak swen sante sitiye toupre lòt akòz nou konnen yon lojman nan pri abòdab, sipò ak pèmanan poze baz pou yon lavi an sante ak estab".

Manm Konsèy Chi Ossé, te deklare, "Konstriksyon nouvo lojman nan pri abòdab se yon bagay santral pou soulaje kriz lojman New York la. The Hart montre kijan nou kapab jwenn bon lojman nan pri abòdab. Genyen pil lojman nan pri abòdab sa yo yon fason pèmanan nan katye a, ansanm ak lojman sipò pou granmoun aje ak fanmi ki

souvan sanzabri yo, se yon bon kado pou kominote a. Sèvis sosyal sou plas yo, yon sant sante nan premye etaj, ak yon bann ekipman pral rann bilding sa konplè, diy ak agreyab pou viv ke tout lojman nan pri abòdab ta dwe efòse pou yo ye. Bed-Stuy pral pi bon pou devlopman sa k ap vini nan kominote nou an; nou ta dwe pouswiv konstriksyon anpil lòt devlopman menm jan ak sa alavni".

CHV gen yon pòtfèy plis pase 2,700 inite, sa ki reprezante plis pase 1 milya dola nan envestisman piblik ak prive nan tout Vil New York. The Hart pral elaji plis objektif CHV sou ko-lokasyon lojman ak swen sante.

The Hart ta dwe fini nan kòmansman 2024. CHV, CAMBA, kontraktè jeneral Bolivar Builders ak tout ekip devlopman an angaje pou idantifye opòtinite anbochaj lokal ak asire The Hart gen yon enpak ekonomik lokal pozitif pandan ak apre peryòd konstriksyon an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)